

## ABSTRAK

*Muhammad Ali Fadli, 2017. Padika Stratégi Quéstioning Babanton Multimedia keur Ngaronjatkeun Pangaweruh Siswa SMK kelas X dina Materi Sel. Pangaping 1 Prof. H. Toto Sugiarto Gani Utari, M.Pd., jeung Pangaping 2 Hj. Lilis Suhaerah, M.Kes.*

*Panalungtikan Padika Stratégi Quéstioning Babanton Multimedia dina Ngaronjatkeun Pangaweruh Siswa SMK kelas X dina Materi Sel miboga tujuan pikeun mikaweruh stratégi quéstioning babanton multimedia keur undakna pangaweruh siswa dina materi sel. Méthode panalungtikan quasi eksperimen dirarancang pre-eksperimental designs one-group-pertest-posttest designs. Sampel dipilih ngagunakeun purposive sampel nyaeta kelas X PN 1 SMK ICB Cinta Wisata Bandung. Data dipaluruh ku uji normalitas, uji homogenitas, uji hipotesis, dan uji normalitas gain. Hasil pretest nilai minimal gedéna 25, nilai maksimal gedéna 50, jeung nilai rata-rata gedéna 36,5. Hasil posttest nilai minimal gedéna 60, nilai maksimal gedéna 90, jeung nilai rata-rata 76,6. Hasil uji normalitas nyaéta  $X^2_{hitung} < X^2_{tabel}$  atawa némbongkeun nilai pretest jeung posttest siswa berdistribusi normal. Hasil uji homogenitas nyaeta  $F_{hitung} < F_{tabel}$  atawa némbongkeun nilai pretest jeung posttest homogen. Hasil uji hipotesis nyaéta  $t_{hitung} > t_{tabel}$  atawa némbongkeun  $H_0$  ditarima. Kitu deui hasil uji normalitas gain nyaé 0,62 atawa némbongkeun dina level sedeng. Cindekna, padika stratégi quéstioning babanton multimedia bisa ngaronjatkeun pangaweruh siswa SMK kelas x dina materi sel.*

***Kecap Galeuh*** : Strategi Questioning Babanton Multimedia, Hasil Pangaweruh Siswa, Konsep Sel.